**दिन–मंगलवार** **दिनांक–05.05.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी के नेतृत्वबला मंत्रिमंडलक सात मई के विस्तार होयत। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी जनौलनि जे शपथ ग्रहण समारोह मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह, जे.पी नड्डा सहित मंत्रिमंडलक कतेको सदस्य, भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन, जदयू अध्यक्ष नीतीश कुमार आ एनडीए के वरिष्ठ नेता लोकनि सम्मिलित होयताह। श्री सरावगी जनौलनि जे शपथ ग्रहण समारोह पटनाक गांधी मैदान मे आयोजित कयल जायत। एहि मध्य शपथ ग्रहण समारोह के लऽकऽ तैयारी शुरू भऽ गेल अछि। गांधी मैदान मे आम लोकक प्रवेश प्रतिबंधित कऽ देल गेल अछि। संगहि सुरक्षा व्यवस्था चाक–चौबंध कऽ देल गेल अछि।

---

लोक जनशक्ति पार्टी–रामविलासक अध्यक्ष आ केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान कहलनि अछि जे बिहार मे मंत्रिमंडलक विस्तार पछिला सरकार द्वारा निर्धारित फॉर्मूला के आधारे पर होयत। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत ओ कहलनि जे सभ घटक दल के मंत्रिमंडल मे उचित प्रतिनिधित्व भेटत।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ भागलपुरक विक्रमशिला सेतु के हवाई निरीक्षण कयलनि। श्री चौधरी सेतु के क्षतिग्रस्त हिस्सा के जल्दी सँ जल्दी ठीक करबाक निर्देश देलनि। एहि सँ पहिने ओ मुंगेर में मुंगेर–भागलपुर गंगा पथ निर्माण काजक समीक्षा कयलनि। समीक्षा बैसक मे ओ अधिकारी लोकनि के तेजी सँ काज पूरा करबाक निर्देश देलनि अछि।

भाजपा के वरिष्ठ नेता आ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ मुंगेर मे पार्टीक दिस सँ आयोजित पंडित दीनदयाल उपाध्याय प्रशिक्षण कार्यक्रम सह महाअभियानक उद्घाटन कयलनि। ओ कार्यकर्ता लोकनि के सरकार आ पार्टीक मध्य समन्वय बना कऽ चलबाक

आह्वान कयलनि। एहि सँ पहिने श्री चौधरी मुंगेरक ज्योति मंदिर पहुंच कऽ तिरूपत्ति बालाजी के पूजा–अर्चना कयलनि। मुख्यमंत्री बिहार योग विद्यालय मे आयोजित श्रीनिवास कल्याण उत्सवम् आरती समारोह मे सेहो सम्मिलित भेलाह। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी सेहो उपस्थित छलाह।

———————————————————————————

वियतनाम के राष्ट्रपति तोलाम आइ बोधगया स्थित महाबोधि मंदिर में पूजा–अर्चना कयलनि। ओ पवित्र बोधि वृक्ष के नीचां ध्यान लगाकऽ भगवान बुद्ध के नमन कयलनि। एकर बाद राष्ट्रपति तोलाम वियतनामी मठ पहुंचलाह जतऽ ओ विभिन्न धार्मिक आ सांस्कृतिक गतिविधि मे सहभागिता कयलनि। हुनक एहि दौरा के भारत आ वियतनामक मध्य धार्मिक तथा आध्यात्मिक दृष्टि सँ अत्यंत महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। एहि सँ पूर्व बोधगया हवाई अड्डा पहुंचला पर राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत सैयद अता हसनैन, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी राष्ट्रपति तोलाम के स्वागत कयलनि।

———————————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोग एकीकृत बहत्तरम संयुक्त प्रतियोगिता परीक्षा के लेल ऑनलाइन आवेदन आमंत्रित कयलक अछि। आयोग द्वारा जारी सूचनाक अनुसार कुल एक हजार दू सय तीन पद सभ पर नियुक्ति होयत। ऑनलाइन आवेदनक प्रक्रिया सात मई सँ शुरू होयत। जखनकि अभ्यर्थी एकतीस मई धरि आवेदन कऽ सकताह। परीक्षा जुलाई मास मे संवाभित होयत।

———————————————————————————

पूर्व–मध्य रेलक सरायगढ़ आ देवघर के मध्य सात मई सँ अनारक्षित स्पेशल ट्रेनक परिचालन शुरू होयत। विक्रमशिला सेतु यातायात बंद भेलाक बाद रेलवे यात्रि लोकनिक सुविधाक लेल ट्रेन चलेबाक निर्णय कयलक अछि। ई ट्रेन सुपौल, सहरसा, खगड़िया आ भागलपुर के रास्ता होयत देवघर धरि चलत।

———————————————————————————

पटना उच्च न्यायालय सहित प्रदेशक सभ अदालत मे नओ मई के राष्ट्रीय लोक अदालत के आयोजन कयल जायत। लोक अदालत मे आपसी समझौताक आधार पर विभिन्न प्रकारक दीवानी आ किछु फौजदारी मामिला सभक निपटारा कयल जायत। लोक अदालत के लेल सभ जिला आ अनुमंडल न्यायालय सभ मे विशेष पीठ के गठन कयल गेल अछि। एम्हर, हमार संवाददाता लोकनि जनौलनि जे लोक अदालतक आयोजन के जनतब देबाक आ लोक सभ मे जागरूकता बढेबाक लेल जागरूकता रथ के विदा कयल गेल अछि।

———————————————————————————————

पश्चिमी विक्षोभ के प्रभाव सँ प्रदेश मे वर्षा के स्थिति बनल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार राज्यक बेसीतर भाग मे वर्षाक संभावना अछि। ओतहि, मुंगेर, जमुई, बांका, भागलपुर, कटिहार, किशनगंज आ अररिया सहित बारह जिला मे धुक्कर के संग वर्षा हेबाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि। एहि दरमियान ठनका के सेहो अलर्ट अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटा मे हाजीपुर मे सभ सँ बेसी उनसठि मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल।

———————————————————————————————

पूर्व रेलवे के मालदा मंडल अंतर्गत बड़हरबा रेलवे स्टेशन पर रेल पुलिस आ आरपीएफ ऑपरेशन नन्हें फरिस्ते के अंतर्गत चारि नाबालिग बच्चा के सकुशल बरामद कयलक अछि। एहि मामिला मे दू गोटे के गिरफ्तार कयल गेल।

———————————————————————————————

सहरसाक सौर बाजार थाना क्षेत्र मे वाहन चेकिंग अभियानक दरमियान एक वाहन सँ चार गोटे के हथियारक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————————

मुंगेर जिलाक कोतवाली थाना क्षेत्रक नीलम रोड स्थित एक बेकरी मे ओवन मे भेल विस्फोट के कारण आगि लागि गेला सँ लाखों टाकाक मूल्यक संपत्ति जरि कऽ नष्ट भऽ गेल। आगि लागबाक कारण के जाँच कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————————

समाप्त भेल